



RET AN SANTE PANDAN W AP VYEYI

Kontinye amelyore kalite sante w apre 50 an

Sa se kèk egzamen ak tè depistaj yo rekòmande ki ka ede w detekte epi jere pwoblèm sante ki lye ak vyeyès. Yo ka ede w gen konvèsasyon pozitif epi ki itil avèk ekip swen sante w la.



Tès Depistaj Sante Mantal

memwa, twoub konyitif • depresyon, anksyete, izolasyon • depistaj pou move esperyans ou te fè nan timoun (ACEs)



Depistaj pou wè si zo w solid (DEXA scan)



Depistaj vizyon ak tè lekti



Depistaj mobilite ak feblès nan kò a



Tès odisyon



Egzamen dan



Depistaj ICOPE (Swen entegre pou granmoun aje)



Evalyasyon risk pou tonbe



Tès kolestewòl ak tè pou maladi kè, tè kreyatinin pou ren, depistaj nan poumon pou BPCO (maladi poumon kwonik ki bay pwoblèm respiratwa), ak radyografi (X-ray) pou poumon.